

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Hasbullah (2008) dina *wordpress.com* nétélakeun yén nasib sastra Sunda téh beuki ngahariwangkeun. Éta hal balukar tina pangaruh modérnisasi jeung globalisasi anu geus bisa ngarobah pola pikir urang Sunda. Rasionalisasi jeung kamekaran ipték geus ngamodérnisasikeun kahirupan urang Sunda sarta nyuguhkeun cara hirup nu sagala praktis (instan). Résikona, tradisionalisme kasundaan bakal leungit. Dina nyanghareupan kaayaan krisis saperti kitu, sastra Sunda kudu mertahankeun daya fungsionalna sangkan tuluy mekar dina hirup kumbuh urang Sunda. Saupama sastra Sunda geus teu boga daya fungsional, bakal ditinggalkeun ku urang Sundana sorangan.

Hasbullah gé ngajelaskeun yén modérnisasi geus ngarobah citra jeung karesep (*selera*) urang Sunda jadi *pop culture*. Misalna waé, ayeuna urang Sunda leuwih resep kana lagu-lagu pop ti batan dangding. Dangding kaasup sastra Sunda nu geus leungiteun daya fungsionalna. Sanajan aya kénéh urang Sunda nu resep kana dangding, tapi éléh ku lobana nu resep kana lagu-lagu pop. Padahal dangding téh teu éléh pikaresepeunna jeung lagu-lagu pop. Katambah deui, dina dangding mah nyangkaruk ajén-inajén anu luhung (Sukri, 1989, kc. 5).

Dangding nyaéta “karangan nu kauger dina wangun pupuh (nu bisa ditembangkeun)” (Isnendes, 2010, kc. 60). Ngarang dangding henteu sagawayah, lantaran kudu gugon kana aturan pupuh nu geus maneuh. Ku kituna, rumpaka dangding sok disebut ogé rumpaka pupuh/tembang. Ari pupuh téh nyaéta rakitan puisi tradisional, anu kauger ku rupa-rupa patokan, boh wangunna boh eusina. Wangunna kauger ku sora vokal dina engang panungtung dina unggal padalisan, sedengkeun eusina kauger ku watek eusina, naha digunakeun keur

ngagambarkeun kabungah, kasedih, atawa heureuy. Unggal pupuh geus aya pilagueunana nu geus maneuh (Suryani, 2011, kc. 68).

Rumpaka dangding minangka cipta rasa, medalna teu leupas tina kanyataan-kanyataan nu nyampak dina kahirupan urang Sunda sarta némbongkeun ajén-inajén minangka hasil tina panapsiran-panapsiran alam jeung kahirupan. Di jerona nyangkaruk masalah-masalah batin anu ngawengku sipat-sipat kamanusaan, hakékat hirup, falsafah, jeung kereteg haté manusa. Rumpaka dangding mangrupa ébréhan tina kahirupan urang Sunda ti mangsa ka mangsa, anu engkéna ngajadi budaya bangsa anu luhung ajénna, sabab sakabéh sajarah sastra némbongkeun kalawan jéntré yén karya sastra nu hadé téh salawasna jadi tempat ajén kamanusaan anu tumuwuh, dimumulé, jeung dimekarkeun, salah sahijina nyaéta ajén éstétis.

Nurutkeun Ratna (2011, kc. 36), ajén éstétis téh ngawengku sagala hal nu aya patalina jeung unsur kaéndahan. Ari kaéndahan téh hakékat tina karya seni. Hartina, unggal karya seni tangtu miboga unsur kaéndahan. Ku kituna, dina rumpaka dangding téh nyangkaruk ajén éstétis, sabab dangding kaasup karya seni ogé.

Ajén éstétis aya dina ambahan élmu éstétika (élmu ngeunaan kaéndahan). Ratna (2011, kc. 413) nétélakeun yén éstétika téh aya patalina jeung genre sastra. Lamun dipatalikeun jeung tilu genre utama sastra (puisi, prosa, jeung drama), genre puisi leuwih beunghar ku éstétika sastra, hususna puisi lirik. Unsur-unsur nu aya dina puisi lirik téh nembrakkeun ajén éstétisna. Éta tiori negeskeun deui yén dina rumpaka dangding téh nyangkaruk ajén éstétis, sabab dangding kaasup genre puisi.

Tétéla geuning, dangding téh mibanda ajén éstétis; ajén nu luhung. Ku kituna, dangding téh miboga poténsi diajarkeun ka siswa. Siswa kudu wanoh kana dangding. Salian ti wanoh, hadéna téh barudak bisa ngarasa reueus yén cicing di

tatar Pasundan téh bisa mikawanoh tur neuleuman karya sastra heubeul nu luhung ajénna.

Niténan pangajaran sastra Sunda di sakola formal, lolobana guru ngawanohkeun istilah tembang tibatan dangding. Matak teu anéh lamun nanya ka barudak ayeuna ngeunaan dangding téh loba nu ngajawab ku ukur gogodeg, rungah-ringeuh, atawa salah ngahartikeun (disaruakeun jeung kawih). Sanajan kitu, aya ogé nu geus paham bédana dangding jeung kawih.

Tina hasil obsérvasi salila PPL (Program Pengalaman Lapangan) di SMP Negeri 2 Lembang, dangding jarang pisan diajarkeun, nu remen ditepikeun ka siswa téh rumpaka dangding nu geus ilahar. Kuduna mah aya inovasi dina bahan pangajaranna téh, sangkan pangaweruh siswa jadi leuwih jembar tur dinamis. Siswa perlu diwanohkeun jeung conto-conto rumpaka nu anyar. Buku kumpulan dangding bisa dijadikeun salasahiji référénsi pikeun ngajarkeun dangding. Hadéna, dina prosés pangajaranna téh henteu ngan saukur diwanohkeun conto-conto rumpakana hungkul, tapi ogé siswa dituyun neuleuman eusi rumpaka nepi ka kapaluruh ajén-inajénna.

Dumasar kana kurikulum 2013 –Kompetensi Inti Kompetensi Dasar (KIKD– Mata Pelajaran Bahasa Sunda, Tingkat SMA/SMK/MA aya kompetensi dasar (KD) nu aya patalina jeung dangding, nyaéta *11.1.1 Mensyukuri anugerah Tuhan akan keberadaan bahasa Sunda sebagai sarana untuk memahami rumpaka **tembang** dan kawih jeung 12.4.1 Mengapresiasi dan mengekspresikan gagasan, citraan, dan perasaan dalam bentuk puisi buhun (sisindiran dan **guguritan**)*. Dina éta kurikulum digunakeun istilah tembang jeung guguritan. Sanajan béda istilah, tapi wangunna sarua kénéh jeung dangding. Ceuk Elis Suryani (2011, kc. 68), rumpaka dangding téh disebut ogé rumpaka tembang. Ari Retty Isnendes (2010, kc. 61) nyebutkeun dangding téh sarua jeung guguritan. Istilah tembang bisa ngawakilan istilah guguritan, sabab wangun guguritan kauger ku rupa-rupa

patokan anu dilarapkeun kana tembang. Jadi, tina dua KD di luhur téh bisa dibeungkeut kana pangajaran tembang.

Niténan kana éta eusi kurikulum, geus tangtu yén pangajaran tembang téh penting keur siswa, utamana maham ajén éstétisna pikeun maluruh ma'na nu saujuratna tina rumpaka tembang.

Ku kituna, nilik kana pentingna ajén ététis dina rumpaka dangding pikeun bahan pangajaran tembang, perlu diayakeun panalungtikan. Saluyu jeung hasil Seminar Tembang Sunda 30 Oktober 1976 di Bandung, panalungtikan téh salah sahiji tarékah pikeun ngamumulé tembang Sunda. Tina éta seminar gé ditegeskeun yén tembang/dangding téh miboga mutu éstétis anu hadé pisan. Saupama ajén éstétis tina rumpaka dangding téh geus kaguar, gedé lolongkrangna pikeun ngamumulé ieu karya sastra heubeul. Ngaronjatkeun kasadaran masarakat Sunda yén dangding minangka karya sastra heubeul téh henteu ngan saukur jadi sajarah karya sastra Sunda, tapi ogé miboga fungsi panglipur haté katut pikiran (balukar tina pangalaman éstétis). Saha waé nu maham kana ajén éstétis nu nyangkaruk dina rumpaka dangding, tangtu bakal ngarasa reueus kana éta karya sastra, lantaran henteu babari ngarang lagu anu kauger ku aturan-aturan nu geus ditangtukeun. Leuwih alus deui saupama rumpaka dangding téh dijadikeun bahan pangajaran di sakola-sakola.

Panalungtik milih salasahiji buku kumpulan dangding pikeun dipaluruh ajén éstétisna tuluy hasilna dijadikeun bahan pangajaran rumpaka tembang, judulna *Lagu Liwung Urang Bandung*, karya Apung S. Wiratmadja. Medalna taun 2006 dina raraga “milangkala kota Bandung anu ka-196”. Éta buku téh eusina ngeunaan kaayaan kota Bandung ti mangsa ka mangsa, dijéntrékeun kalayan teleb dina wangun dangding. Apung S. Wiratmadja salaku seniman Sunda nu geus kahot, nyusun ungkara perkara kota Bandung ngaliwatan ungkara nu beunghar ku ajén éstétis. Kitu pangna panalungtik milih éta buku.

Panalungtikan nu rék digarap téh aya dina ranah élmu sastra, tapi bisa ngadeudeul kana paélmaan budaya. Hasil tina ieu panalungtikan téh bakal ngawewegan pamadegan ti Ratna (2011, kc. 413) yén genre sastra dina wangun puisi (dangding) téh leubeut ku ajén éstétis.

Saacanna geus aya panalungtikan ngeunaan rumpaka dangding, judulna *Purwakanti dina Kumpulan Dangding Jamparing Hariring Karya Dedy Windyagiri* ku Ade Indayani (2005) jeung *Analisis Struktur Kumpulan Dangding Jamparing Hariring Karya Dedy Windyagiri (Ditilik tina Pamarekan Objéktif)* ku Antun Hikmawati E. (2005). Salian ti éta, aya deui panalungtikan nu méh sawanda jeung ieu panalungtikan, judulna *Unsur Éstétika dina Rumpaka 17 Sekar Pupuh Karya Godi Suwarna*, ku Imas Dachmawangsih (2005). Perkara pedaranana, aya sasaruuan jeung ieu panalungtikan, nyaéta ditilik tina unsur éstétikana nu nyangkaruk dina eusi rumpaka dangding. Bédana, salian ti nalungtik tina jihad eusina, dina ieu panalungtikan mah ditilik ogé tina jihad kabasaanana (gaya basa). Panalungtik ogé miboga udagan sangkan tina hasil ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola formal, hususna pikeun pangajaran tembang di SMA.

Perkara pangajaran tembang, saacanna geus aya nu nalungtik, nyaéta: (1) Deti Yulianti (2014) *Kamampuh Ngaregepkeun Pupuh Ngagunakeun Media Audio Pupuh Raéhan Sanggihan H. Yus Wiradiredja*; (2) Karina Barliani (2013) judulna *Media Audio Visual pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Tembang Pupuh Sekar Ageung*; (3) Dyna Islami (2011) *Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran dina Wanda Rarancangan Karya Mang Bakang pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Di SMA*; jeung (4) Mike Wilasmi (2008) *Efektivitas Media Kaset pikeun Pangajaran Maca Puisi Pupuh*. Nilik kana panalungtikan nu geus kadata, can aya nu nalungtik buku kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung*, karya Apung S. Wiratmadja tuluy hasilna dilarapkeun kana pangajaran maham rumpaka tembang. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Ajén Éstétis

dina Kumpulan Dangding *Lagu Liwung Urang Bandung*, Karya Apung S. Wiratmadja pikeun Bahan Pangajaran Maham Rumpaka Tembang di SMA” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Sanggeus ngabahas kasang tukang nu dibéjérbéaskeun di luhur, ahirna kapanggih sababaraha masalah anu jawabanna bisa dipaluruh ngaliwatan panalungtikan. Tapi henteu sakabéh masalah bisa digarap, kudu diwatesan heula masalahna tuluy dirumuskeun dina wangun kalimah wawaran atawa pananya.

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar di luhur, loba masalah nu bisa ditalungtik. Tapi pikeun ieu panalungtikan, sakabéh éta masalah téh teu bisa ditalungtik sacara babarengan, ambahanna lega teuing. Ti mimiti perkara kamekaran dangding minangka karya sastra heubeul, ajén-inajén nepi ka kalungguhanna dina hirup kumbuh masarakat. Utamana masalah ajén-inajén, numutkeun Uking (1989, kc. 5), dangding téh adiluhung, beunghar ku ajén-inajén. Loba pisan ajén-inajén nu bisa ditalungtik tina rumpaka dangding, tapi panalungtik moal ngagarap ajén sagemblengna. Ku kituna, masalah nu rék ditalungtik téh diwatesan, sangkan pedaranna weweg tur teleb.

Masalah-masalah nu rék ditalungtik téh intina mah ngeunaan ajén éstétis nu nyangkaruk dina kumpulan dangding. Ajén éstétis bisa diulik tina sababaraha jihad, tapi panalungtik museur kana dua jihad, nyaéta eusi jeung kabasaan. Tina jihad eusi dipaluruh unsur-unsur pangwangunna (struktur). Ari tina jihad kabasaan mah diulik gaya basa nu digunakeun pangarang. Sanggeus kitu, dipatalikeun jeung masalah pangajaran maham eusi rumpaka tembang di SMA (saluyu jeung KIKD 2013).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dini Novianti R, 2014

Ajén éstétis dina kumpulan dangding Lagu liwung urang bandung karya apung s. Wiratmadja pikeun bahan pangajaran maham rumpaka tembang di sma

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah nu rék ditalungtik téh dirumuskeun saperti kieu di handap.

- 1) Kumaha unsur kabasaan jeung unsur eusi dina kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* karya Apung S. Wiratmadja?
- 2) Kumaha impleméntasi hasil ieu panalungtikan kana pangajaran maham rumpaka tembang di SMA minangka bahan ajarna?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung rumusan masalah nu diwincik di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan nu tangtu. Tujuanna aya nu sipatna umum jeung husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun maluruh ajén éstétis nu nyangkaruk dina kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* karya Apung S. Wiratmadja;
- 2) pikeun ngeuyeuban pangaweruh hasanah sastra-budaya tradisional masarakat Sunda dina wangun dangding.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngadéskripsikeun unsur kabasaan jeung unsur eusi dina kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* karya Apung S. Wiratmadja;
- 2) ngajelaskeun impleméntasi hasil ieu panalungtikan kana pangajaran maham rumpaka tembang di SMA minangka bahan ajarna.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ngayakeun panalungtikan téh henteu ngan saukur nyumponan sarat akademis, tapi panalungtik geus neundeun harepan nu bakal mangpaat keur panalungtik sorangan, panalungtik séjén, guru sastra, jeung masarakat. Dipiharep

ogé bisa ngeuyeuban pangaweruh dina dunya paélmuan jeung atikan. Mangpaat nu dipiharep téh sipatna bisa tioritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Tina hasil ieu panalungtikan téh bakal kapanggih ajén éstétis nu nyangkaruk dina rumpaka dangding, ditilik tina jihad eusi jeung kabasaanana. Éta hal dipiharep bisa mangpaat pikeun panalungtik, guru sastra, jeung masarakat, nyaéta bisa ngajembaran pangaweruh jeung ngeuyeuban pangalaman éstétis. Salian ti éta, ogé dipiharep bisa ngamotivasi panalungtik séjén pikeun ngayakeun panalungtikan nu leuwih teleb tur mundel ngeunaan ajén éstétis nu nyangkaruk dina rumpaka dangding. Ku kituna, ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun tatapakan atawa référénsi pikeun panalungtikan satuluyna. Salian ti kitu, ajén éstétis nu nyangkaruk dina rumpaka dangding bisa dijadikeun eunteung dina ambahan dunya sastra-budaya Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, tina hasil ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun ku guru sastra pikeun dijadikeun salah sahiji bahan ajar dina pangajaran aprésiasi sastra (genre puisi). Utamana mah keur di SMA, bisa dijadikeun bahan ajar maham rumpaka tembang (saluyu jeung KIKD 2013). Salian ti kitu, masarakat gé bisa ngamangpaatkeun hasil ieu panalungtikan pikeun bahan aprésiasi sastra atawa sawala sastra di luar kapentingan akademis.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina hiji panalungtikan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkahna jeung gurat badag konsép laporan

panalungtikan. Raraga tulisan ieu laporan panalungtikan diwincik saperti kieu di handap.

BAB I: Bubuka

Bab I mangrupa bagian mimiti anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (umum jeung husus), mangpaat panalungtikan (tioritis jeung praktis), jeung raraga tulisan.

Dina ieu panalungtikan, Bab I medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan anu patali jeung judul panalungtikan nya éta ajén éstétis nu nyangkaruk dina kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung* Karya Apung S. Wiratmadja pikeun Bahan Pangajaran Maham Rumpaka Tembang di SMA.

BAB II: Landasan Tiori

Landasan tiori miboga fungsi minangka tatapakan tiori anu ngarojong kana masalah anu dipedar dina panalungtikan, eusina téh ngeunaan konsep-konsep/tiori-tiori nu aya patalina jeung masalah nu keur ditalungtik. Dina ieu bab, ngabahas pamanggih sababaraha ahli atawa anu saacanna geus ngayakeun panalungtikan nu méh sawanda jeung ieu panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, landasan tiori anu dipedar patali jeung masalah-masalah anu ditalungtik, nya éta ngeunaan konsép, genre, unsur-unsur jeung aprésiasi karya sastra. Utamana mah ngabahas dangding, ajén éstétis, jeung pangajaran tembang.

BAB III: Metodologi Panalungtikan

Dini Novianti R, 2014

Ajén éstétis dina kumpulan dangding Lagu liwung urang bandung karya apung s. Wiratmadja pikeun bahan pangajaran maham rumpaka tembang di sma

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab III eusina ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Dina ieu bab dibahas wangenan operasional, populasi jeung sampel, desain panalungtikan, métode jeung téhnik panalungtikan (instrumén, ngumpulkeun data, jeung analisis data).

BAB IV: Hasil Panalungtikan jeung Pembahasan

Hasil analisis ngeunaan masalah nu ditalungtik téh dibahas dina Bab IV. Sakabéh pamanggih panalungtik didéskrripsikeun kalayan jéntré saluyu jeung tiori katut metodologi nu geus ditangtukeun. Panalungtik ngabéjérbéaskeun ajén éstétis nu nyangkaruk dina kumpulan dangding *Lagu Liwung Urang Bandung Karya Apung S. Wiratmadja* sarta larapna hasil panalungtikan pangajaran tembang minangka bahan ajarna.

BAB V Kacindekan jeung Saran

Dina Bab V pamanggih panalungtik téh dicindekkeun, nyoko kana tujuan panalungtikan nu geus ditangtukeun. Tuluy panalungtik méré saran pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung hasil panalungtikan, misalna pikeun masarakat salaku aprésiator karya sastra, pangarang salaku pencipta karya sastra, ogé sababaraha lembaga anu patali jeung kamekaran paélmuhan sastra-budaya Sunda.